

ETA NEW YORK
 BIWO SÈVIS POU TIMOUN AK FANMI
DEZIYASYON MOUN NAN RELASYON KÒM PARAN
 Dapre seksyon 5-1551 nan Lwa sou Obligasyon Jeneral Eta New York.

1. Mwen, _____, deklare ak dokiman sa, mwen se paran timoun/timoun yo/moun enkapab(yo) ki endike anba a epi pa gen okenn lòd tribinal anplas aktyèlman nan okenn jiridiksyon ki ta entèdi m egzèse pouvwa m ap chèche otorize aktyèlman an.

2. Adrès ak nimewo telefòn(yo) kote yo kapab kontakte m pandan deziyasyon sa a anplas se:

Adrès: _____

Telefòn: Lakay () Travay ()
 Lòt () _____

3. Mwen bay _____ tanporèman, ki se yon moun
 Ki gen plis ke dizuit lane ki abite nan _____
 _____ New York, _____ nimewo telefòn
 () pou l okipe timoun/timoun yo/moun enkapab(yo) annapre la yo:

| | |
|------|-------------|
| NON: | DAT NESANS: |
| NON: | DAT NESANS: |
| NON: | DAT NESANS: |
| NON: | DAT NESANS: |

4. Nenpòt otorite mwen akòde moun ki nan relasyon parantal lan dapre fòm sa a ap valab (tcheke ti kare apwopriye a epi parafe):

____ a. pandan 12 mwa apati dat siyati deziyasyon sa a, oswa jouk rive nan dat anilasyon li, selon sa ki rive anvan an (dwe gen ladan adrès ak nimewo telefòn tout pati yo epi tout pati yo dwe siyen an prezans yon notè piblik); oswa

____ a. pandan 30 jou apati dat siyati deziyasyon sa a, oswa jouk rive nan dat anilasyon li, selon sa ki rive anvan an, oswa

____ c. soti ____ / ____ / ____ (dat) jouk rive ____ / ____ / ____ (dat sa ladan tou), oswa jouk rive nan dat anilasyon li, selon sa ki rive anvan an, oswa

____ d. kòmanse apati _____
 (endike evènman an) epi kontinye jouk _____ oswa jouk rive nan dat anilasyon li, selon sa ki rive anvan an.

5. Pou sa ki konsène timoun/timoun yo/moun enkapab(yo) ki endike anwo a, moun ki nan relasyon kòm paran ki endike anwo a otorize pou:
(tcheke sa ki valab yo)

- egzamine dosye lekòl yo
- enskri nan lekòl
- bay motif pou absans nan lekòl
- bay konsantman pou patisipasyon nan pwogram lekòl ak/oswa aktivite lekòl la patwone
- bay konsantman pou swen medikal anrapò ak lekòl*
- enskri nan plan sante
- bay konsantman pou vaksen*
- bay konsantman pou swen sante jeneral*
- bay konsantman pou pwosedi medikal*
- bay konsantman pou swen dantè
- bay konsantman pou depistaj annafè ak devlopman
- bay konsantman pou egzamen ak/oswa tretman sante mantal

* Eksepte kote Seksyon 2504 nan Lwa sou Sante Piblik entèdi sa

Paran an ka defini kondisyon ki limite piplis nenpòt nan otorizasyon yo ki anwo, epi, si yo limite, limit yo ekri anba a (pa egzanp, paran an ka akòde otorite pou bay konsantman pou yon egzamen sante mantal, avèk kondisyon ke yo pa kapab rive jwenn li nan telefòn oswa pa lòt mwayen elektwonik).

6. Epiteou, mwen bay otorizasyon pou moun ki nan relasyon parantal lan mande, resevwa ak egzamine, epi resevwa aksè konplè ak san limit, ak pou jwenn kopi konplè san modifikasyon de tout enfòmasyon sou sante, medikal, finansye sanzesepsyon ak/oswa nenpòt enfòmasyon ak/oswa dosye jan li defini nan 45 CFR. §164.501 epi ki anba kontwòl Nòm pou Konfidansyalite Enfòmasyon Medikal Ki Ka Idantifye Moun Pèsonèlman ki nan 65 Fed. Reg. 82462 kòm dosye prive pwoteje oswa ki pwoteje otreman dapre Lwa 1996 sou Transferabilite ak Responsabilite Asirans Sante (Health Insurance Portability and Accountability Act, HIPAA), Lwa Piblik 104-191, pou chak timoun/moun enkapab ki endike nan paragraf 3 ki anwo a. Mwen konprann enfòmasyon ki nan dosye sou sante ak dosye medikal sa yo ka gen ladan enfòmasyon anrapò ak maladi moun pran nan fè bagay, Sendwòm Iminodefisyans Aki (SIDA), Konplèks yo ki anrapò ak SIDA (AIDS-Related Complex, ARC) ak viris iminodefisyans imen (VIH), sèvis sante konpòtmantal oswa mantal, nan tretman pou abi alkòl ak/oswa dwòg ak/oswa adiksyon. Mwen konprann tou mwen ka jwenn aksè ak/oswa resevwa yon rapò sou enfòmasyon yo dwe itilize oswa kominike, jan sa prevwa nan 45 CFR §164.524, ak swivan. Epiteou, mwen konprann mwen otorize kominikasyon enfòmasyon medikal sa yo volontèman; mwen ka refize siyen otorizasyon sa a. Epiteou, mwen konprann nenpòt kominikasyon enfòmasyon sa a gen posibilite pou tyès pati yo fè yon lòt kominikasyon enfòmasyon sa yo, epi lòt kominikasyon sa yo gendwa pa pwoteje dapre HIPAA. Pou ensite pati k ap fè kominikasyon an pou li kominike enfòmasyon konfidansyèl prive ak/oswa pwoteje ki endike anwo a, mwen libere ak retire sou pati k ap fè kominikasyon ki baze sou dokiman sa a tout responsabilite dapre règ konfidansyalite ki nan HIPAA a kòm yon konsekans kominikasyon ki fèt yo.

7. AVI POU PARAN YO AK MOUN KI NAN RELASYON KÒM PARAN YO: Otorizasyon dapre fòm sa a valab jiska premye dat yon paran anile li oswa dat ki endike nan paragraf 4 ki anwo a. Nenpòt paran ki siyen deziyasyon sa a ka anile otorizasyon sa a nenpòt lè ak nenpòt jan li vle, epi li ka mete lekòl ak founisè swen sante ki konsène yo okouran anilasyon sa. Yon moun ki nan relasyon parantal ki resevwa avi nan men yon paran pou anilasyon sa a dwe avèti touswit nenpòt lekòl, founisè swen sante oswa plan sante ke yo te prezante yon otorizasyon dapre sou-seksyon sa a. Si moun ki nan relasyon parantal lan pa avèti moun ki resevwa otorizasyon an oswa anilasyon an, sa p ap fè notifikasyon anilasyon paran an pa valab.

Otorizasyon sa a se pou yon ti tan, men paran an(yo) ka renouvle li. Men, paran yo ak moun yo ki nan relasyon kòm paran ki patisipe nan yon aranjman alontèm pou bay swen ka chèche yon aranjman jiridik ki pi pèmanan; pou fè sa, y ap kòmanse yon pwosedi jidisyè pou yo nonmen yon responsab pou lagad legal oswa pou yo detèmine mizanplas lagad legal.

Remak: Tout siyati yo ki anba a dwe notarye si otorizasyon an pou yon peryòd ki depase 30 jou.

Dat la: ____ / ____ / ____ (Siyati paran) _____

Fè sou sèman devan mwen nan dat

_____ nan mwa _____ 20 _____

Notè Piblik _____

8. Mwen, _____, mwenmenm tou se paran timoun/timoun yo/moun enkapab(yo) ki endike nan dokiman sa; gen yon lòd tribinal ki bay lòd pou toude paran yo dwe antann yo sou edikasyon ak/oswa desizyon sante konsènan timoun/timoun yo/moun enkapab sa(yo), epi ak dokiman sa, avèk siyati mwen ki anba a, mwen bay konsantman pou deziyasyon sa a.

Adrès ak nimewo telefòn(yo) kote yo kapab kontakte m pandan deziyasyon sa a anplas se:

Adrès: _____

Telefòn: Lakay (____) ____ - _____ Travay: (____) ____ - _____

Lòt: (____) ____ - _____

Dat la: ____ / ____ / ____ (Siyati paran) _____

Fè sou sèman devan mwen nan dat

_____ nan mwa _____ 20 _____

Notè Piblik _____

9. Mwen, _____, ki se moun ki deziyen nan relasyon kòm paran pou timoun/timoun yo/moun enkapab(yo) ki endike nan dokiman sa, ak dokiman sa, avèk siyati mwen ki anba a, mwen bay konsantman mwen pou deziyasyon sa a.

Dat la: ____ / ____ / ____ Siyati _____

Fè anba sèman devan mwen nan dat

_____ nan mwa _____ 20 _____

Notè Piblik _____

Esplikasyon pou DEZIYASYON MOUN NAN RELASYON PARANTAL, dapre seksyon 5-1551 nan Lwa sou Obligasyon Jeneral Eta New York.

OBJEKTIF FÒM SA A:

Fòm sa a ap pèmèt ou deziyen yon lòt moun pou pran desizyon medikal ak desizyon sou edikasyon pou timoun ou(yo) oswa pou moun enkapab(yo) ki sou kont ou si ou pa kapab fè sa oumenm pandan yon peryòd tan byen presi. Yo kapab itilize otorizasyon sa a sèlman pou yon peryòd 12 mwa pou pi plis. Si ou bezwen mete timoun ou(yo)/moun enkapab ou(yo) sou kont yon lòt moun pandan plis pase 12 mwa, ou ta dwe konsidere lòt opsyon.

Si gen yon lòd tribinal ki egzije pou toude paran yo antann sou desizyon pou zafè edikasyon ak/oswa sante konsènan timoun lan (timoun yo), lè sa toude paran yo dwe siyen fòm lan. Sinon, yon sèl siyati paran ap obligatwa.

Ou konsève tout dwa ou antanke paran avèk otorizasyon sa a epi ou ka anile (revoke) otorizasyon sa a nenpòt lè. Moun ou chwazi a pral kapab pale avèk lekòl, pwofesè, ak founisè swen medikal timoun ou an(yo), epi li pral kapab pran desizyon woutin yo. Moun ou chwazi a p ap kapab bay konsantman pou operasyon oswa lòt pwosedi medikal enpòtan men l ap kapab bay konsantman pou zafè medikal woutin yo. Si ou pa vle pou moun ou chwazi a pran sèten desizyon, tankou desizyon konsènan vaksinasyon, ou ka presize sa avèk fòm sa a. Si moun ou deziyen an pran yon desizyon konsènan timoun ou(yo)/moun enkapab ou(yo) epi ou pa dakò avèk desizyon an, ou ka anile desizyon sa a.

Moun ki deziyen an dwe dakò pou li aji kòm "yon moun ki gen otorite paran", epi li p ap oblije pran responsabilite pou sipò finansye timoun lan(yo)/moun enkapab la(yo). Timoun ou(yo) p ap oblije chanje distri lekòl li(yo) si moun sa a abite nan yon lòt distri lekòl. Sizoka ou mouri oswa ou vin enkapab, deziyasyon sa a fini otomatikman.

ESPLIKASYON POU ITILIZASYON FÒM SA A:

Paragraf 1: Ranpli non tout legal ou nan espas yo mete pou sa. Si gen yon lòd tribinal anplas ki oblije toude paran yo siyen, lòt paran an ap ranpli tout non li nan espas yo bay la nan paragraf 7.

Paragraf 2: Ranpli adrès ak nimewo telefòn ou(yo). Si pa gen enfòmasyon sa yo ladann, otorizasyon an p ap valab pou plis pase 30 jou. Sèvi ak adrès kote ou pral rete pandan peryòd otorizasyon sa a anplas, menmsi se pa rezidans legal ou. Pa egzanp, si yo dwe itilize otorizasyon sa a pandan ou entèn lopital la, ou t ap itilize adrès lopital la.

Paragraf 3: Ranpli non, adrès, ak nimewo telefòn moun lan ou vle deziyen kòm moun ki kapab pran desizyon sou edikasyon ak/oswa sante pou timoun ou(yo)/moun enkapab ou(yo). Ranpli non(yo) ak dat nesans(yo) pou CHAK timoun/moun enkapab.

Paragraf 4: Pou presize pandan konbyen tan ou vle otorizasyon sa a anplas, tcheke ti kare ki apwopriye a epi make inisyal ou yo akote li. Sonje, ou ka revoke (anile) deziyasyon sa a pi bonè kanmenm si ou vle. Gen enfòmasyon sou fason pou fè sa nan fen esplikasyon sa yo.

- **Chwazi (a)** si ou vle pou deziyasyon sa a valab pandan 12 mwa. Si ou chwazi opsyon sa a, ou dwe bay adrès ak nimewo telefòn paran an(yo) ak lòt moun lan, epi tout siyati yo dwe notarye.

- **Chwazi (b)** si ou vle pou deziyasyon sa a valab pandan 30 jou. Pou chwa sa a, ou pa oblije mete adrès yo ak nimewo telefòn yo, men yo sijere ou fè sa pou sizoka founisè yo pou swen medikal oswa pou edikasyon bezwen kontakte ou.

- **Chwazi (c)** si ou vle itilize dat byen presi, pou yon peryòd ki mwens pase oswa plis pase 30 jou. Sonje byen, yo pa ka itilize deziyasyon sa a pou plis pase 12 mwa, epi ou dwe mete adrès yo, nimewo telefòn yo, ak siyati notarye yo si ou vle pou li valab pou plis pase 30 jou.

- **Chwazi (d)** si ou vle deziyasyon sa a kòmanse lè yon bagay byen presi rive, pa egzanp sizoka ou entène lopital. Pou sa a, ou ekri evènman byen presi a nan premye espas vid yo kite pou sa (pa egzanp: "Lè mwen entène nan yon lopital"), epi ekri nan dezyèm espas la dat oswa evènman kote deziyasyon an t ap ekspire (pa egzanp: "30 jou apre" oswa "lè mwen egzeyate nan lopital"). Yon lòt fwa ankò, ou dwe mete adrès yo, nimewo telefòn yo, ak siyati notarye yo si ou vle pou li valab pou plis pase 30 jou.

Paragraf 5: Endike chak bagay ou vle moun ou deziyen an anmezi fè. Make yon trè epi make inisyal ou yo devan CHAK eleman ou pa vle otorize pou moun ou deziyen an fè. Si gen lòt bagay ou vle anpeche moun lan fè, itilize liy vid yo ki anba lis la pou ou ekri bagay sa yo. Pa egzanp, si ou vle pou yo kontakte ou anvan yo fè nenpòt egzamen sante mantal, ou ka ekri sa nan espas yo bay la.

Paragraf 6: Paragraf sa a pèmèt moun ou deziyen an jwenn aksè nan dosye medikal ak enfòmasyon medikal timoun ou(yo)/moun enkapab ou(yo).

Paragraf 7: Li bay kèk enfòmasyon konsènan fòm sa a. Paran an ki gen non li parèt nan Paragraf 1 anlè a, siyen ak date fòm lan. Si otorizasyon sa a dwe anplas pou yon peryòd ki plis pase 30 jou, siyati a dwe notarye. Nan ka sa, ou dwe ale ak fòm lan kay yon notè piblik anvan ou siyen li, epi siyen fòm lan devan notè piblik la, epi notè a pral siyen fòm lan tou pou endike li te temwen siyati ou. Si ou pa fè sa, otorizasyon an ap ekspire otomatikman apre 30 jou.

Paragraf 8: Si gen yon lòd tribinal anplas ki oblije toude paran yo antann yo sou desizyon pou edikasyon ak/oswa pou swen sante konsènan timoun lan(yo), lè sa a lòt paran an ap ranpli tout non legal li, adrès, ak nimewo telefòn li nan espas yo bay yo. Tankou pou premye paran an, li pa oblije bay adrès ak nimewo telefòn li si otorizasyon an se pou yon peryòd 30 jou oswa mwens, men li ka fè sa si li vle. Li dwe bay enfòmasyon sa yo, epi siyen fòm lan devan yon notè piblik, si otorizasyon an dwe valab pou plis pase 30 jou. Si pa gen okenn lòd tribinal anplas ki egzije pou toude paran yo dakò, ou ka kite paragraf sa a vid.

Paragraf 9: Ranpli non legal konplè moun ki deziyen "nan relasyon parantal" pou timoun lan(yo)/moun enkapab la(yo). Apre sa, li siyen ak date fòm nan, pou montre li dakò pou li yon moun ki nan relasyon parantal. Si otorizasyon sa a dwe valab pou plis pase 30 jou, li ap oblije siyen fòm lan tou devan yon notè piblik.

LÒT ENFÒMASYON:

- Tretman medikal enpòtan: Moun ou deziyen an **PA KAPAB** bay konsantman pou "tretman medikal enpòtan" ki se nenpòt entèvansyon oswa pwosedi medikal, chirijikal, oswa dyagnostik kote yo bay yon anestezi jeneral oswa ki gen ladan nenpòt gwo risk oswa nenpòt gwo antre andedan kò ki egzije pou koupe (ensizyon) kò oswa ki pwovoke gwo doulè, malèz, feblès, oswa ki gen yon gwo peryòd pou refè. Sa pa konsène: nenpòt dyagnostik oswa tretman woutin tankou bay medikaman apa chimyoterapi pou pwoblèm ki pa sikyatrik oswa pou nitrisyon oswa pou retire likid nan kò pou analiz; terapi elèktwochòk; swen dan ki fèt avèk yon anestezi lokal; nenpòt pwosedi yo bay nan sikonstans dijans, dapre seksyon de mil senk san kat (2504) nan lwa sante piblik; retrè oswa sispansyon tretman medikal ki soutni fonksyon lavi yo; oswa esterilizasyon oswa enteripsyon yon gwosès.

Pa egzanp, moun ki deziyen an kapab bay konsantman pou yon timoun/moun enkapab fè pwosedi estanda pou dan, tankou plonbaj, men se pa operasyon nan dan kote timoun lan/moun enkapab la t ap san konseans pandan pwosedi a, pa egzanp lè y ap rache dan sajès. Konsantman yon paran ap toujou obligatwa pou pwosedi medikal enpòtan yo.

- Anilasyon deziyasyon sa a: Pou ou kapab revoke (anile) otorizasyon an, ou oblije senpleman di moun ou deziyen an ou vle fè sa, epi li oblije enfòmè founisè sèvis edikasyon ak founisè swen medikal apwopriye yo ke otorizasyon an sispann. Menmsi paran an pa oblije fè sa alekri, oswa li pa oblije enfòmè founisè sèvis edikasyon ak founisè swen medikal timoun lan(yo)/moun enkapab la(yo) ke li revoke otorizasyon an, li ta dwe fè sa, dekwa pou pa gen okenn konfizyon. Si de (2) paran yo te siyen fòm nan, youn nan paran yo ka anile deziyasyon an pou kont li, ou pa bezwen toude paran yo.